



Mizajou sou Pwogram Paròl CHNV pou Kiben, Ayisyen, Nikaragweyen, ak Venezyelyen

Ayisyen, Nikaragweyen, ak Venezyelyen

Ki sa Paròl CHNV ye?

Depatman Sekirite Enteryè Etazini (DHS) te lanse Pwogram Paròl CHNV an 2023 pou pèmèt sitwayen Kiba, Ayiti, Nikaragua, ak Venezyela antre Ozetazini pou yon peryòd jiska de (2) ane. Pwogram nan te mande pou moun yo gen yon moun Ozetazini pou sipòte yo epi pase verifikasyon sekirite. Objektif la se te bay yon chemen legal pou pwoteksyon imanitè oswa reyinyon fanmi. Pwogram lan te fini nan mwa Oktòb 2024, apre plis pase 500,000 moun te antre Ozetazini atravè li. Moun ki te antre nan kad pwogram sa a te ankouraje pou chèche lòt opsyon legal pou yo ret.

Mwen tandé gouvènman an mete fen nan Paròl CHNV. Èske sa vre?

25 Mas 2025, DHS te anonse nan *Federal Register* ke li t ap mete fen nan pwogram CHNV la, e tout moun ki Ozetazini avèk estati paròl CHNV ta pèdi estati sa a kòmanse 24 Avril 2025. Sepandan, yon gwoup moun ki te antre atravè CHNV te depoze yon pwosè kont gouvènman an (*Doe v. Noem*), e sou 15 Avril 2025, yon jij nan tribunal federal te bloke desizyon pou mete fen nan paròl la pandan pwosè a ap kontinye.

Kisa desizyon tribunal 15 Avril 2025 la vle di?

15 Avril 2025, yon jij nan tribunal distri Ozetazini te deside ke gouvènman an pa ka mete fen nan paròl CHNV atravè avi li te pibliye nan *Federal Register* la. Olye de sa, li dwe pran desizyon sou chak ka separeman. Jij la te sispann mete fen nan paròl la pandan pwosè a ap dewoule. Sa vle di nenpòt moun ki te resevwa paròl atravè pwogram CHNV la ka rete legalman Ozetazini jiskaske peryòd paròl yo fini oswa jiskaske tribunal la pran yon lòt desizyon. Moun ki gen paròl CHNV ka kontinye travay legalman si yo gen yon kat otorizasyon travay (EAD) ki valab.

Mwen te antre Ozetazini avèk CHNV paròl e mwen gen pèmisyon pou travay. Èske mwen toujou ka travay legalman Ozetazini?

Daprè lòd jij la te bay 15 Avril la, paròl CHNV ak pèmisyon travay ki sòti nan paròl sa a toujou valab. Si ou gen otorizasyon pou travay atravè paròl la oswa yon lòt estati imigrasyon (tankou TPS, azil, oswa aplikasyon pou rezidans pèmanan), ou ka kontinye travay legalman..

Kisa ki pral rive lè paròl mwen fini oswa si yo mete fen ladan l?

Ou ka kontinye viv legalman Ozetazini jiskaske paròl ou a fini oswa yo mete fen ladan l dapre desizyon tribunal la. Lè paròl la fini oswa anile, ou pral konsidere kòm yon moun ki prezan ilegalman, e ou ka arete epi depòte, sòf si ou gen yon lòt estati imigrasyon.

Kisa ki rive si mwen gen yon aplikasyon azil oswa lòt estati ki an atant?

Menm si nenpòt moun ki prezan ilegalman ka depòte, DHS te di yo pral bay plis priyorite pou depòte moun ki pa gen okenn aplikasyon imigrasyon an kous. Sa vle di, si ou gen yon aplikasyon an atant (tankou azil, TPS, estati rezidans pèmanan, oswa T estati pou viktima trafik moun), ou ka kontinye rete pandan aplikasyon ou ap trete. Men sa pa garanti. Ou ta dwe toujou pote prèv aplikasyon an avèk ou (tankou resi USCIS lan). Si ou deja gen yon lòt estati imigrasyon ki apwouve, fen paròl la pap afekte ou.

Kote mwen ka jwenn èd?

Si ou poko fè sa, ou ta dwe konsilte ak yon sèvis legal imigrasyon pou w konnen si ou kalifye pou lòt opsyon legal pou rete Ozetazini. Ou ka jwenn èd isit: <https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/>

Nòt pou Kiben ak Ayisyen:: Kiben ak Ayisyen toujou elijib pou benefis kòm "Antretan Kiben-Ayisyen" menm si paròl la ekspire oswa yo mete fen ladan I, osi lontan ke yo poko resevwa yon desizyon final pou yo depòte.